



# POU (Krab)

## **Ki sa pou an ye?**

Pou se yon ensèk ou tibèt parazit (pafwa tou, yo rele-l "Krab") ke yo jwen prensipalman nan pye sheve, ou nan pati entim kò moun.

## **Kòman yon moun rive atrate pou?**

An general, Pou pwopaje pa mwayen kontak seksyèl. Pli souvan ou jwen li nan moun ki majè yo. Kèlkefw, pou ka simaye tou swa nan kontak (fwotman) avèk moun, oswa kontak avèk rad sal tankou dra sou kabann, sèvyèt, elatrye, ki enfekte pa yon moun ki gen pou. Pou pa ka viv lantan si li pa jwen yon kote ki sho, tankou kò moun pou-l rete. Pou pa ka simaye nan fason sa yo tankou: shita sou yon twalèt. Moun ki enfekte avèk pou ta dwe fè egzamen pou lòt Maladi Seksyèlman Transmisib (MST).

## **Ki moun ki ka atrape Pou?**

Nenpòt moun ki nan fè sèx ka atrape Pou. yo jwen Parazit sila-a yo patou nan lemon, nan tout ras, nan tout group etnik, e nan tout koush sosyal.

## **Avèk ki sa Pou sanble (ki jan-w fè konnen-l)?**

Pou egziste sou 3 fòm diferan: nan fòm Ze (Kokon); nan fòm lav; e nan fòm majè.

- **Fòm Kokon:** Kokon Pou an nan fòm ze. Li ka trè difisil pou detekte, e ou jwen yo kole byen rèd nan pye sheve bò lèn ou. Yo gen yon fòm oval (an fòm ze), e òdinèman yo gen yon koulè ant jòn e blan. Kokon Pou an pran ant 6 a 10 jou avan yo kale.
- **Fòm Lav:** Fòm lav lan se yon fòm danfans ki devlope de ze yo. Lav sanble avèk gwo Pou (majè), men yo pi piti. Pou nan fòm Lav lan pran 2 a 3 semen aprè-l kale pou-l vini gro (majè) kote li gen kapasite pou-l fè pitit. Fason ke Lav (Pou) lan rete an vi, li mòde e li souse san-w.
- **Fòm Majè:** Gro Pou an li menm, li pran koulè ant bren-gri ou blan. Yo sanble avèk ti krab. Yo gen 6 janm; 2 janm avan yo gro anpil, e yo sanble avèk gro dan krab. Femèl Pou yo ponn, epi yo pi gro pase mal yo. Se nan souse san yo rive rete an vi. Si Pou an rive dekole sou yon moun e tonbe, li pap ka viv pou plis ke 1 a 2 jou.

## **Ki kote Pou yo rete (viv)?**

Generalman, Pou yo rete (kashe) nan pwèl bò lèn (pati jenital) moun. Kèlkefw ou jwen yo nan sheve ak lòt kote, tankou: nan janm, anba bra, nan moustash/bab, nan sousi, plim je. Pou ki nan pati tèt lan, se Pou tèt yo ye. Zannimo pa ka gen Pou, ni yo pa ka pwopaje-l.

## **Ki sentòm Pou bay?**

Men ki Siy avèk sentòm Pou bay:

- Gratèl nan pati jenital
- Kokon (ze) ki Vizib, ou Pou kap mashe sou ou

### **Kòmman mwen ka konnen si-m gen Pou?**

Ou kapab rekonèt gro Pou an, ak Lav lan. Anpil fwa, Pou sa yo kole nan plizyè bransh pwèl (pye sheve) a la fwa e yo pa fè mouvman tankou Pou ki rete nan tèt ou nan lòt kote nan kò moun. Si ou pa jwen Pou kap mashe sou ou, men ou jwen kokon oswa ze yo bò lèn ou, sa vle di ou enfekte; e ou ta dwe shèshe trètman. Gro Pou an oswa kokon an gro ase pou ou wè yo ak pwòp je-w; ou ka bezwen mikroskop pou pèmèt ou wè Pou ou byen ze yo.

Si ou ta kwè ke ou gen Pou, shèshe wè Doktè-w ki ka voye-w fè egzamen. Moun ki enfekte avèk Pou ta dwe egzamine pou asire ke yo pa gen lòt Maladi Seksyèman Transmisib (MST).

### **Eske gen trètman kont Pou?**

Wi! Gen shanpou espesyal avèk krèm pou fè trètman kont Pou. Mande nan Famasi ki tou prè-w e ya di-w si yo genyen remèd sa yo. Lè-w trete, mande mennaj ou pou-l fè trètman tou, konsa nou yon pap enfekte lòt ankò. Si-w bezwen plis enfòmasyon sou zafè Pou, ale sou sit entènèt CDC (Sant sou Kontròl Maladi) sila: <http://www.cdc.gov/parasites/lice/pubic/treatment.html>

### **Ki kote mwen ka al fè trètman?**

Majorite kote yo bay swen santé, ofri trètman kont Pou ak lòt MST. Si-w ta renmen jwen yon sant santé ki nan vwazinaj ou rete an, rele nan nimewo telefòn Majistra-a: **617-534-5050 ou: 1-800-847-0710** ou vizite <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> ; answit mete kòd postal ou (zip code.)

### **Kòmman mwen ka pwoteje tèt mwen kont Pou e lòt MST?**

Mwayen ki pi garanti pou pwoteje tèt ou a 100% kont Pou, se pa al nan relasyon seksyèl.

Si ou al nan relasyon seksyèl, men kisa ou ka fè pou diminye chans trape Pou:

- Toujou itilize kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx nan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush (oral)
- Kapòt (kondòm) ki fèt avèk materièl natirèl ka anpeshe fanm ansent, men yo pa anpeshe trape MST
- Redwi kantite moun ke ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Pale ak mennaj ou sou MST e konnen nou ka fè tès pou konnen si nou pa malad
- Pale ak Doktè-w sou ki jan pou pwoteje tèt ou nan fè sèx e sou zafè tès
- Fòk ou konnen ke lè wap fè sèx pandan ke ou anba dròg, ou di mwens pandan ke ou sou, chans lan ogmante pou fè sèx san pwoteksyon.



**Pou plis enfòmasyon, rele  
Boston Public Health Commission  
Biwo Maladi Enfektiez  
617-534-5611 or [www.bphc.org](http://www.bphc.org)**